



ANÈK APLIKASYON POU PWOGRAM ASISTANS POU GEN ENÈJI LAKAY OU (HEAP) AVI RAPWOCHMAN SALÈ

An akò ak lalwa eta a (M.G.L. c.62E), li kapab nesesè pou yo matche revni benefisyè k ap jwi Pwogram Asistans pou gen enèji lakay ou, asistans pou kondisyon metewolojik epi/oswa sistèm chofaj ansanm ak salè anplwayè yo deklare bay Depatman Revni nan Massachusetts (Massachusetts Department of Revenue, DOR). Nan ka kote, CAPV ap patisipe ansanm ak Massachusetts Executive Office of Housing and Livable Communities (EOHLC) (Yo te rele l anvan Department of Housing and Community Development, DHCD) in the Massachusetts Wage Reporting System (yon korespondans nan kesyon salè). Nou mande pou tout granmoun ki manm nan yon kay k ap aplike (ki gen 18 lane oswa plis) bay nimewo sekirite sosyal yo pou objektif sa a. Granmoun ki manm nan kay la pa gen pou bay nimewo sekirite sosyal pou yo kapab detèmine si yo elijib anba aplikasyon pou pwogram Asistans pou gen enèji lakay ou, kondisyon metewolojik, epi/oswa sistèm chofaj.

Si yo ta mande pou gen yon korespondans nan kesyon salè a, **CAPV** ap voye nimewo sekirite sosyal, ansanm ak non ak adrès moun k ap aplike a ansanm ak tout granmoun manm bay EOHLC. EOHLC ap voye enfòmasyon sa a bay DOR. Enfòmasyon salè ou te rapòte bannou pou pwogram Asistans pou gen enèji lakay ou, amelyorasyon pou kondisyon metewolojik epi/oswa sistèm chofaj ap koresponn ak enfòmasyon salè (revni) anplwayè yo rapòte bay DOR. DOR ap bay EOHLC enfòmasyon ki sòti nan dosye l nan sa ki gen pou wè ak revni w ansanm ak revni lòt moun ki nan kay ou a, epi EOHLC ap enfòme CAPV sou enfòmasyon revni sa a.

Si enfòmasyon revni ou te rapòte bannou an pa koresponn ak enfòmasyon ou te rapòte bay anplwayè DOR yo, n ap kontakte moun ki aplike a. N ap rankontre epi n ap travay ak moun ki te aplike a ansanm ak nenpòt manm nan kay la ki gen enfòmasyon revni yo ki an dout, nan bi pou eseye rezoud yon "move korespondans". Sepandan, si nou pa ka rezoud yon "move korespondans", epi nou detèmine yo te fè yon move estimasyon kote l pa t byen deklare revni l bannou, nou kapab pran youn oswa plizyè nan aksyon ki vin annaprè yo: ajiste nivo prestasyon kay la ap resevwa; kanpe asistans lan pou kay la; mande yo pou re-peye pèman ki te fèt enkorèk bay kay la oswa nan non kay la; desann nenpòt nan pwochen prestasyon yo sou valè kòb yo gen pou remèt yo. Si nou pran okenn nan aksyon sa yo, moun k ap aplike a gen dwa pou konteste desizyon nou pran an dapre Pwosesis Apèl CAPV genyen an.

Nenpòt "move korespondans" CAPV pa ka rezoud, kapab gen kòm rezilta pou yo voye dosye w bay EOHLC. Enfòmasyon konsènan ou menm ansanm ak lòt manm ki nan kay la, yo kapab voye yo bay Biwo Leta k ap travay sou Ankèt Espesyal, Pwokirè Distri oswa Pwokirè Jeneral la, ki kapab debouche sou plis ankèt, aksyon oswa pousuit pou krim.

Si w pa bay oswa pa kapab bay nimewo sekirite sosyal ou oswa pa kapab verifye l devan CAPV, yo kapab toujou voye non w ak adrès ou bay DOR pou gade si gen yon korespondans nan kesyon salè.

Premye Non Siyati	Relasyon ak moun k ap aplike a	Dat nesans	Nimewo sekirite sosyal (SSN)	Siyati *
1.				
2.				
3.				
4.				
5.				

* **Siyati granmoun manm kay la ki verifye nimewo yo bay la se nimewo sekirite sosyal yo epi bay otorizasyon pou itilize nimewo sekirite sosyal pou objektif ki nan aplikasyon avi pou korespondans nan kesyon salè ki nan fòmilè sa a, epitou ki disponib atravè CAPV.**

Epitou, yo kapab rele HEAP tankou Pwogram Asistans pou gen enèji lakay ou pou moun ki p ap touche anpil kòb oswa Low Income Home Energy Assistance Program, (LIHEAP).